# SÚWRETLEW ÓNERI

*Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 2-klası ushın sabaqlıq*

Qayta islengen hám tolıqtırılǵan besinshi basılımı

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*



**Sholpan atındaǵı baspaxana-koncern dóretiwshilik úyi**
**Tashkent — 2018**

UOK 372.87=512.121(075)
KBK 85.15ya71
S 22

**Avtorlar:**

**M. Isaqova, R. Hasanov, B. Haydarov,
A. Sulaymanov, S. Jumaniyazova, A. Roziqov**

**Pikir bildiriwshiler:**

*R. Xudayberganov* — Ózbekstan xalıq xudojnigi, K. Behzod atındaǵı Milliy súwretshilik hám dizayn institutı professorı;
*G. Zulxaydarova* — Respublika Bilimlendiriw orayınıń metodisti;
*N. Haytanova* — Tashkent qalası, Mırza Uluǵbek rayonı 187-sanlı mekteptiń muǵallimi;
*B. Yunusova* – Tashkent qalası, Yunusabad rayonı 43-mekteptiń muǵallimi.

## SHÁRTLI BELGILER:

 – jedellestiriwshi sorawlar

 – úyreniw hám yadta saqlaw zárúr

 – ámeliy shınıǵıw hám tapsırmalar

 – úyge berilgen tapsırmalar

 – qızıqlı tapsırmalar

* – intalı balalar ushın tapsırmalar

 – tákirarlaw ushın sorawlar

 – sabaq tamamlandı

**«Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı».**

**© M. Isaqova hám basqalar., 2018**
**© Sholpan atındaǵı BKDÚ, 2016**
Qaraqalpaqshaǵa awdarma
**© Sholpan atındaǵı BKDÚ, 2018**
**© «Bilim» baspası, 2018.**

ISBN 978-9943-05-832-3

# I SHEREK



P. Toxirov. *Altın gúz*

## Bul sherekte siz:

- qara qálem, qılqálem hám boyawlar menen islewdi dawam ettiresiz.
- tiykarǵı reńlerden tuwındı reńlerdi payda etiwge tiyisli bilimlerińizdi jetilistiresiz;
- tábiyat kórinisleriniń súwretin salasız;
- ámeliy kórkem-óner haqqında túsinikke iye bolasız;
- xudojnikler tárepinen islengen natyurmortlardı túsinip úyrenesiz.

# 1-SENTYABR — ÓZBEKSTAN ǴÁREZSIZLIGI KÚNI



«Ezgulik arkasi» — Ǵárezsizlik maydanındaǵı músinshilik kompoziciyası.

# REŃ HÁM TÚSLER




1. Ayqulaq aspanda qashan payda boladı?
2. Ayqulaq qanday reńlerden ibarat?

Álem reńlerge tolı. Biraq tábiyatta úsh tiykarǵı reńler: sarı, qızıl hám kók reńler boladı. Qalǵan reńler bolsa, sol reńlerdi bir-birine qosıw nátiyjesinde payda etiledi.

## Tiykarǵı reńler.



Sarı. Qızıl. Kók.

## Tiykarǵı reńlerdiń túsleri.

Boyawǵa kóbirek suw qosılsa ashıq reńler — **reń túsleri** payda boladı.




Salınǵan súwretti boyawda akvarel boyawları qollanıladı.

**Akvarel** — suwda eriytuǵın boyaw.

## Reńlerdiń nıshanlıq maǵanası:

Súwretlew ónerinde reńlerdiń nıshanlıq maǵanalarınan da paydalanıladı:

— ana tábiyat nıshanı;

— aspan, kosmos, tınıshlıq nıshanı;

— jeńis, jalın, shadlıq nıshanı;

— muqáddes, jaqtılıq, quyash nıshanı;

— matam, qorqıw, túskinlik nıshanı;

— páklik, erkinlik, baxıt nıshanı.

## Qılqálemdi uslaw.



Úlken bet boyalǵanda.



Jińishke, tar jerler boyalǵanda.

Qaysı reńdi unatasız? Ne ushın? Túsindirip beriń.

## Súwret salıwdıń tiykarǵı basqıshları.

**1-basqısh.** Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw hám ólshemlerin belgilew.

Sızılıp atırǵan zattıń biyikligi hám eni salıstırılıp, súwret qaǵazǵa uzınına yamasa kesesine jaylastırılıwı anıqlanadı. Zattıń ornı, forması, biyikligi, eni hám óz ara qatnasları anıqlanadı. Súwret qaǵazdıń ortasına sızıladı.



**2-basqısh.** Qálem menen úlgisin islew.

Zattıń dúzilisi, bólekleriniń jaylasıwı anıqlanadı hám járdemshi sızıqlar menen sızıladı.



**3-basqısh.** Súwretti qálem menen juwmaqlaw.

Sızılıp atırǵan zattıń mayda bólekleri qálemde islenedi. Járdemshi sızıqlar óshirip taslanadı.



**4-basqısh.** Boyawlar menen islew.

Súwretke dáslep ashıq, keyin toyǵın boyawlar beriledi. Sońında súwrettiń bóleklerine anıqlıq kirgizilip boyaladı.



Súwret salıp atırǵanıńızda joqarıdaǵı kórsetpelerge ámel etiń.

Súwrettiń qaǵazdaǵı ornı qalay anıqlanadı?

# MIYWELERDIŃ SÚWRETIN SALÍW



Ǵ. Abdurahmonov. *Gúz jemisleri*

Xudojnik Ǵafur Abdurahmonovtıń natyurmortında gúzgi miywelerden alma, almurt, qáreli, palız eginlerinen ǵarbız hám qawın súwretlengen. Olardıń forması hám reńlerin dıqqat penen baqlań. Siz de salıp atırǵan súwretińizde sonday reńlerden paydalanıwǵa háreket etiń.

**Natyurmort**—«jansız tábiyat»tıń súwreti. Onda úy-ruwzıgershilik buyımları, miyweler, palız eginleri, gúller sıyaqlı zatlar súwretlenedi.



A. Bakirov. *Anarlar*



Yu. Elizarov. *Qawınlar*

Miywe hám buyımlardıń súwretlerin bólek-bólek salıw basqıshları.

**Almanıń súwretin salıw basqıshları.**



Súwretti qaǵazda jaylastırıw.



Súwrettiń úlgisin islew.



Súwretti qálemde juwmaqlaw, sızıqlardı óshiriw.



Ashıq reńlerde boyaw.



Toyǵın reńlerde boyaw.



Súwretti reńli etip boyaw.



A. Ikromjonov. *Júzim hám almurtlar*

Gúz jemisleri súwretlengen natyurmort salıw kóplegen xudojniklerdiń jaqsı kóretuǵın teması. Xudojnik A. Ikromjonov ta gúzgi miywelerdi sheberlik benen súwretlegen.

Dóretpede almurt, alma, júzim sıyaqlı miywelerdiń reńleri sheberlik penen salınǵan. Olar tap janıńda turǵanday tásir oyatadı.

Alma, ǵarbız hám gúzeden ibarat bolǵan natyurmort súwretin salıń.

Jansız zatlar súwretlengen súwret qalay ataladı?



Miyweler hám milliy ıdıstan payda bolǵan natyurmort ápiwayılıǵı menen súwret salıwda qıyınshılıq tuwdırmaydı. Súwret salıp atırǵanıńızda bul natyurmorttan da paydalanıwıńız múmkin.

1. Klasta sızılǵan natyurmorttı akvarel boyawları menen boyań.
2*. Miyweler hám milliy ıdıstan payda bolǵan natyurmort súwretin salıń.

# PEYZAJ SÚWRETIN SALÍW



F. Abdurahmonov. *Gúzgi kórinis*

Kim qalada, kim awılda jasaydı. Hár kimniń ózi tuwılıp ósken jeri ózine jaqsı kórinedi. Qalalar keń kósheleri, zamanagóy kópirleri, biyik imaratları menen ajıralıp turadı.

Ǵárezsizlik sharapatı menen kóplegen turaq jaylar hám keń kósheler qurıldı.



1. Súwretlerde neler kórsetilgen?
2. Qala hám awıldıń bir-birinen qanday parqı bar?
3. Óz qalańız (awılıńız) haqqında aytıp beriń.

## Súwret salıwdıń ápiwayı qaǵıydaları.

Jerde tik turǵan zattıń qaǵazdaǵı súwreti de tik boladı.

Zatlar súwret salıwshıdan birdey uzaqlıqta turǵan bolsa, olardıń qaǵazdaǵı súwretleriniń qatnası haqıyqıy ólshemleri sıyaqlı boladı.



Nadurıs. Durıs.

Birdey zatlar súwret salıwshıdan hár túrli uzaqlıqta tursa, jaqındaǵısı qaǵazda úlkenirek, uzaqtaǵısı kishirek súwretlenedi. Bul súwretlew ónerinde perspektiva dep ataladı.



Nadurıs.

Durıs.

**Terekler, ot-shópler hám gúller menenen qaplanǵan kórinis súwretin salıw basqıshları.**












Tómendegi súwret hám fotosúwretke itibar berseńiz, uzaqtaǵı terekler kishireyip kórinetuǵınlıǵınıń gúwası bolasız.





Ózińiz unatqan tábiyat kórinisi súwretin salıń. Súwretti salıwda perspektivaǵa ámel etiń.

1. Perspektiva degen ne?
2. Zat kózge jaqın yamasa uzaq turǵanlıǵına qarap qalay súwretlenedi?

1. Klasta islengen peyzaj súwretti islewdi dawam ettiriń hám onı akvarelde boyań.

2*. «Qalamızdıń (awılımızdıń) kósheleri» temasında óz betińizshe súwret salıń.

# USTAZLAR BAYRAMÍNA QUTLÍQLAW ESKIZIN ISLEW




1-oktyabr — muǵallim hám ustazlar kúni. Ustazlarımız bizlerge oqıw hám jazıwdı úyretedi. Keleshekte jaqsı insan bolıp jetilisiwimizdi támiyinleydi. Bul bayramda olardı qutlıqlawdı umıtpawımız kerek.

**1.** Qutlıqlawlarda nelerdi kórsetiw múmkin?
**2.** Jáne qanday qutlıqlawlardı bilesiz?

## Qutlıqlaw eskizin islew basqıshları.



Súwret ólshemlerin belgilew.



Súwrettiń úlgisin islew.




Súwretti qálemde juwmaqlaw.



## 1-oktyabr

Súwretti reńler menen boyap juwmaqlaw.

Úlgiler tiykarında ustazlar kúnine baǵıshlanǵan «Bayramıńız múbárek bolsın» qutlıqlawınıń eskizin isleń. Bul qutlıqlawǵa ustazıńızǵa atalǵan jaqsı tileklerińizdi de jazıp qoyıwıńız múmkin. Tek ǵana olar júdá qısqa hám shın kewilden bolıwına itibar qaratıń. Mısal ushın: «Bayramıńız benen», «Birinshi ustazıma arnayman».

Klasta islengen qutlıqlaw eskizin juwmaqlań.

# «BAWÍRSAQ» ERTEGI TIYKARÍNDA MÚSIN ISLEW



## Bawırsaq

(*Ertek*)

Men bawırsaq, bawırsaq,
Sıpıradaǵı un-urpaq.
Sıpırıp aldı
Qaymaqqa hám qardı.
Pisirdi tabada,
Suwıttı hawada.
Qashıp kettim atamnan,
Qashıp kettim apamnan.
Sennen bolsa qoyanjan,
Qashıp ketiw hesh
gáp emes.





Bawırsaqtıń jolında qasqır hám ayıw da ushırasıptı. Olardan da qosıq aytıp qutılıp qalıptı. Biraq oǵan ushırasqan túlki hiylekerlik etipti:

— Qulaǵım jaqsı esitpeydi. Qáne tumsıǵıma otırıp, qosıq aytıp ber, — depti.

Bawırsaq túlkiniń tumsıǵına shıǵıp, endi qosıq ayta baslaǵanda, túlki onı hap etip, jep qoyıptı.



Berilgen súwretlerden paydalanıp bawırsaq ertegi qaharmanlarınıń músinin isleń. Bunda olardıń bir-birine salıstırǵanda úlken-kishiligine itibar qaratıń.

## Bawırsaq músinin islew basqıshları.

1



Bawırsaq músini bólimlerine say bólekler ajıratıp alınadı.

2



Bawırsaq bólimlerine forma beriledi.

3



Bawırsaq bólimleri birlestiriledi hám juwmaqlap islenedi.

Súwretlerdi bir-birine salıstırǵanda belgili tártipte jaylastırıw, birlestiriw **kompoziciya** dep ataladı.





1. Berilgen súwretler boyınsha klasta islengen músinlerden kompoziciya dúziń.
2*. «Bawırsaq» ertegi boyınsha súwret salıń.

# XALÍQ ÁMELIY BEZEW ÓNERI















Xalıqtıń ámeliy bezew óneri turmısta kóp qollanıladı. Onıń naǵıs salıw, gansh oymakerligi, aǵash oymakerligi túrleri bar. Sonday-aq, kórkem ónermentshiliktiń gúlalshılıq, zer toqıw, oyıp naǵıs salıw, kesteshilik, gilemshilik, taqıya tigiwshilik túrleri insanlar turmısınıń gózzal bolıwına xızmet etedi. Ámeliy bezew óneri Buxara, Samarqand. Qoqan, Marǵılan qalalarında rawajlanǵan.

1. Súwretlerde neler kórsetilgen? Olar xalıq ámeliy óneriniń qaysı túrlerine tiyisli?
2. Olardı siz qaysı jerlerde ushıratqansız?

## Ámeliy bezew óneriniń túrleri.



Zergerlik.

Zer toqıwshılıq.





Gúlalshılıq.



Kesteshilik.



Oyıp nağıs salıw.



Gansh oymakerligi.



Aǵash oymakerligi.



Súwretlerde keltirilgen ámeliy bezew ónerinıń úlgilerinde qollanılǵan elementler haqqında gúrriń dúziń.

Tómendegi súwretlengen zatlardıń atların aytıń. Olardıń forması, bezewleri hám de olardan qanday maqsetlerde paydalanatuǵınlıǵın túsindirip beriń.



1. Ámeliy bezew óneri túrleri rawajlanǵan qaysı qalalardı bilesiz?
2. Ámeliy bezew óneri túrlerin sanap beriń.
3. Siz jasap turǵan jerde ámeliy bezew óneriniń qaysı túri rawajlanǵan?

Ámeliy bezew óneri buyımların isleytuǵın ónermentler haqqında qısqasha gúrriń dúziń.

# «GÚZ KELDI» TEMASÍNDA SÚWRET SALÍW



R. Ahmedov. *Aqtasta güz*

Úlkemizde altın gúz óz gózzallıǵın jayǵan. Tereklerdiń japıraqları sarı, sarǵısh hám qızıl reńlerge dónip, tábiyat ózgeshe gózzallıq payda etedi. Bul gózzal kórinisti qaǵazda birden súwretlegiń keledi.

Ózbekstanlı xudojnikler Nikolay Karaxan, Orol Tansiqboyev, Rahim Ahmedov, Nemat Quziboyev, Isfandiyor Haydarov, Ǵafur Abdurahmonov, Abduvali Muminovlar altın gúz peyzajın ózine tán tárizde súwretlegen.

**1.** Súwrette qaysı reńler kóbirek qollanılǵan?
**2.** Gúzdi ne sebepten altınǵa teńeydi?

**Jıllı reńler:**

— sarı;

— ashıq qızıl;

— toyǵın sarı;

— qızıl.



Jıllı reńler quyash hám jalın reńlerin esletedi. Gúzdiń kórinisi kóbinese usı reńlerde súwretlenedi.

Peyzajlı súwretlerde tábiyat kórinisleri súwretlenedi.

## **Tábiyat kórinisiniń súwretin salıw basqıshları.**




«Gúz keldi» temasında qısqa gúrriń dúziń hám ol boyınsha ózińiz kóz aldıńızǵa keltirgenińizdey etip peyzajlı súwret salıń.



**Oral Tansiqboyev**
(1904–1974)

Ózbekstan xalıq xudojnigi O. Tansiqboyev peyzaj janrı ustası sıpatında dúnyaǵa tanılǵan. Belgili shıǵarmaları: «Meniń awılım», «Tawda báhár», «Tawda», «Angren oypatlıǵı», «Biyik taw jaylawı» hám basqalar.



O. Tansiqboyev. *Tawda gúz*

1. Peyzajlı súwretlerde neler súwretlenedi?
2. Tábiyat kórinisleri súwretlengen jáne qanday shıǵarmalardı bilesiz?

1. Klasta islengen «Gúz keldi» temasındaǵı súwretti aqırına jetkeriń.
2*. Alǵan tásirlerińiz tiykarında «Zúráát bayramı» temasında súwret salıń.



P. Toxirov. *Sanaat kórinisi*

# ARALÍQ BAQLAW SABAǴÍ

## I. Test sorawları:

**1.** Tiykarǵı reńler durıs kórsetilgen bántti anıqlań:

A


B


D


E


**2.** Qaysı súwrettegi súwret durıs jaylastırılǵan?

A


B


D


E


**3.** Tómendegi súwretlerdiń qaysı biri ámeliy kórkem-ónerge tiyisliligin anıqlań.

A


B


D


E


**4.** Qaysı súwrette qatnas durıs súwretlengen?




**5.** Jıllı reńler durıs kórsetilgen bántti anıqlań:




## II. Ámeliy tapsırma.

Peyzaj súwretin akvarelde boyap tapsırıw hám ol haqqında qısqasha gúrrıń aytıp beriw.

# II SHEREK



S. Sulaymonov. *Gúz*

## Bul sherekte siz:

- jol tárizli formasındaǵı naǵıslardı salıwdı;
- gúzgi jumıslar temasında súwret salıwdı;
- ertekler tiykarında músinler islewdi;
- ertek boyınsha súwret - illyustraciya salıwdı úyrenesiz.

# BALÍQ MÚSINІN ISLEW









1. Balıqlar haqqında nelerdi bilesiz?
2. Olardıń túrleri, formaları hám reńleri qanday boladı?

Ózbekstanda balıqlardıń 106 túri tarqalǵan. Balıqlardıń sazan balıq, ılaqa balıq, shortan, aqsha, aq amur, qızıl kóz, qumbas, qıl balıq sıyaqlı túrlerin ózlerińiz de kórgen shıǵarsız. Suwda tez júzetuǵın balıqlardıń denesi sozıńqı, áste júzetuǵınlarınıki jalpaqlaw boladı. Balıqlar bir-birinen úlken kishiligine qarap da ajıraladı.

1. Balıqlar ushın qalashları qanday áhmiyetke iye?
2. Balıqlar qurǵaqlıqta jasay aladıma? Ne ushın?

Ózińiz qálegen balıq músinin isleń.



S. Redkin. *Balıq natyurmortı*

## Balıq músinin islew basqıshları.

1



Balıq músini bólimlerine say bólekler ajıratıp alınadı.

2



Balıq bóleklerine forma beriledi.

3



Balıq bólimleri birlestiriledi.

4



Músin juwmaqlap islenedi.

**1.** Balıq túrlerinen ibarat birneshe músinler isleń.

**2*.** Ózińiz qálegen balıq súwretin salıń.

# «GÚZGI JUMÍSLAR» TEMASÍNDA SÚWRET SALÍW



P. Benkov. *Doslar*

## GÚZ

Úlkemizde gúz máwsimi. Bul máwsimde alma, júzim, ayva, anar sıyaqlı kóplegen miyweler pisip jetisedi. Atızlarda paxtalar ashıladı. Olardı jıynap-terip alıw gúzgi jumıslardıń tiykarın quraydı.

## «Gúzgi jumıslar» temasındaǵı súwretti salıw basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Súwretti anıqlastırıw.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.

**1.** Gúzde qanday jumıslar ámelge asırıladı?
**2.** «Mehirjan bayramı» neler haqqında?



Súwretti reńler menen juwmaqlaw.

«Gúzgi jumıslar» temasında qálegen súwret salıń.



M. Saidov. *Júzim terimi*

1. Klasta islengen «Gúzgi jumıslar» temasındaǵı súwretti aqırına jetkeriń.

2*. Gúz temasında qálegen súwret salıń.

# JOL TÁRIZLI NAǴÍS SALÍW





Naǵıslardı hár qádemde ushıratıw múmkin. Olar menen imarat hám buyımlar bezeledi. Naǵıslar gúller, japıraqlar, miywelerdiń súwreti formalarında islenedi. Naǵıslardıń jol tárizli, kvadrat, tórtmúyeshlik hám dóńgelek túrleri bar.

1. Joqarıda kórsetilgen súwrette imarattıń sırtqı hám ishki bólimi ne menen bezelgen?
2. Naǵıslardı jáne qanday jerlerde ushıratamız?

## Naǵısda kóp ushırasatuǵın bezew formaları, olardıń atamaları.

Naǵıs salıwda qollanılatuǵın formalar, tiykarınan, tábiyattan alınadı. Sonlıqtan olardıń atalıwı da uqsas boladı. Tómendegi súwretlerdi kórip, buǵan isenim payda etesiz.


japıraq


japıraq


úshjapıraq


burısh


paxta


bofta


shırmawıq


aygúl


aygúl


aygúl


shınıgúl (gvozdika)

## Jol tárizli naǵıslar.



Joqarıdaǵı naǵıslar jol tárizli naǵıslarǵa mısal bola aladı. Olardıń kórinisi uzın jolǵa uqsaydı. Sol sebepli olar jol tárizli naǵıslar dep ataladı.

## Jol tárizli naǵıs salıw basqıshları.



Qaǵaz beti úshke bólinedi, naǵıs jolı hám keteksheleri belgilenedi.



Tiykarǵı naǵıs elementin sızıw.



Tiykarǵı naǵıstı qaytalap sızıw.

## Naǵıstı boyaw basqıshları.



**1-basqısh.**



**2-basqısh.**



**3-basqısh.**

1. Naǵıslar qanday maqsette salınadı?
2. Qorshaǵan ortalıqtan jol tárizli naǵıslarǵa mısal tabıń.



## Usta Shirin Muradov
(1879—1957)



Usta Shirin Muradov—arxitektor, gansh oymashılıǵı ustası, Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń aǵzası. Ózbekstanda xızmet kórsetken kórkem-óner ǵayratkeri. Ol jol tárizli naǵıs kompoziciyaların qollanǵan.

«Buyuk xizmatlari uchun» ordeni menen sıylıqlanǵan (2001-j.)

Úlgige qarap basqasha dúzilistegi jol tárizli naǵıs salıń. Onda japıraqlar, gúller salınıwı múmkin.



**1.** Klasta salınǵan naǵıstı boyań.

**2*.** Qanday da bir buyımdaǵı jol tárizli naǵıstan kóshirme alıń.

# «TÚLKI MENEN QASQÍR» ERTEGINEN MÚSIN ISLEW



## Túlki menen qasqır

Túlki menen qasqır jaqsı dos eken... Túlki qasqırdı júzim urlıqqa alıp barıptı. Túlki biraz júzim jegennen keyin, eki dana júzimdi



murnına tıǵıp: «Men sonday kóp júzimdi jedim, hátte murnımnan shıǵıp atır. Sen de toyıp je, murnıńnan shıǵadı», — depti.

Qasqır sonday dárejede kóp júzim jese de murnınan shıqpaptı. Onıń qarnı isip jıǵılıptı.

Túlki bolsa: «Júzimge urı keldi», — dep baqırıptı. Bunı esitken baǵman kelip

qasqırdı tayaq penen sabaptı. Sol kúnnen baslap qasqır túlki menen hesh jerge birge barmaytuǵın bolıptı.

«Qasqır menen túlki» ertegi qaharmanlarınıń músinlerin isleń.

## Túlki músinin islew basqıshları.

1



Túlki músini bólimlerine say bólekler ajıratıp alınadı.

2



Túlki bólimlerine forma berilip, birlestiriledi.

3



Túlkiniń mayda bólimleri birlestiriledi.

4



Músin juwmaqlap islenedi.

## Qasqır músinin islew basqıshları.

1



Qasqır músini bólimlerine say bólekler ajıratıp alınadı.

2



Qasqır bólimlerine forma beriledi.

3



Qasqır bólimleri birlestiriledi.

4



Músin juwmaqlap islenedi.

**1.** Berilgen úlgilerge qarap túlki hám qasqır músinlerin isleń.

**2.** Tayar músinlerden ertek mazmunına sáykeslep kompoziciya dúziń.

**3*.** Ertektiń basqa waqıyası tiykarında kompoziciya isleń.

## «YOLKA BAYRAMÍ» TEMASÍNDA SÚWRET SALÍW

Jańa jıl dúnyanıń kóplegen mámleketlerinde kóterińkilik penen kútip alınadı. Bezetilgen yolka, Ayaz ata hám Qar qız jańa jıl bayramı nıshanı. Túsinigińiz tiykarında berilgen tema boyınsha erkin súwret salıń.



1. Súwrette qanday kórinis hám neler súwretlengen?
2. Yolka aǵashı neler menen bezetilgen?

# Yolka aǵashınıń súwretin salıw basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Súwrettiń úlgisin islew.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.



Súwretti reńli boyawlar menen juwmaqlaw.

## Yolka oyınshıqlarınıń súwretin salıw basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Súwrettiń úlgisin islew.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.



Súwretti reńli boyawlar menen juwmaqlaw.

## Ayaz atanıń súwretin salıw basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Súwrettiń úlgisin islew.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.



Súwretti reńli boyawlar menen juwmaqlaw.

# Qar qızı súwretin salıw basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Súwrettiń úlgisin islew.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.



Súwretti reńli boyawlar menen juwmaqlaw.

Joqarıda berilgen basqıshlar tiykarında súwret salıw.

**Qar bólekshelerinin súwretin salıw basqıshları.**



Tómendegi súwretlerdi jaylastırıwda qanday qátege jol qoyılǵan? Ólshemleri durıs pa?



Klasta salınǵan «Yolka bayramı» temasındaǵı kompoziciyanı aqırına jetkerin.

# ARALÍQ BAQLAW SABAǴÍ

## I. Test sorawları:

**1.** Tómendegi naǵıslardan qaysı biri kvadrat formasında?




**2.** Qaysı ertek qaharmanı jaman minez qulıqqa iye?




**3.** Qaysı súwrette kompoziciya súwretlengen?



4. Tómendegilerdiń qaysı biri reńli súwret shıǵarması bolıp esaplanadı?

A


B


D


E


## II. Ámeliy tapsırma.

Gúzgi jumıslar temasındaǵı súwretlerden paydalanıp, gúzgi miywelerdi plastilinnen islep dasturqan dúzeń.

# III SHEREK



S. Sulaymonov. *Qıstıń baslanıwı*

## Bul sherekte siz:

- qıs máwsimindegi tábiyat kórinisleriniń súwretin salıwdı;
- suwıq reńler menen tanısıp, olardıń qollanılıwın;
- haywanlardıń músinin islewdi;
- tema tiykarında qutlıqlawlar islewdi úyrenesiz.

# «QÍS KÓRINISI» TEMASÍNDA SÚWRET SALÍW



S. Sulaymonov. *Qıs*

Qıs — júdá ájayıp máwsim. Hámme jer appaq qarǵa búrkengen. Quyash kúshsiz altın nurların shashpaqta. Kúnler suwıq. Terekler uyqıǵa ketken. Garǵalar jemtik izlew menen áwere.

1. Joqarıdaǵı súwrette neler súwretlengen?
2. Xudojnik qıs máwsimin súwretlewde kóbirek qaysı reńlerdi paydalanǵan?

## Suwıq reńler:

— toyǵın kók;

— aspan kók;

— qızǵılt kók;

— ashıq kók;

— jasıl.



Suwıq reńler, muz, suw, aspan reńlerin esletedi. Bul reńlerden kóbirek qıs máwsimin súwretlewde paydalanıladı.

Tómendegi súwrette qanday suwıq reńlerden paydalanılǵanlıǵın aytıp beriń.



X. Ruzmetov. *Qıs*

«Qıs kórinisi» temasında súwret salıń. Bunda qar, qısqı oyınlar, Ayaz ata kórinislerinen paydalanıw múmkin.

1. Suwıq reńlerge qaysı reńler kiredi? Nege olar bunday ataladı?
2. Ayqulaqta qaysı suwıq reńler bar?

1. Klasta salınǵan «Qıs kórinisi» súwretin aqırına jetkeriń.
2*. Klasta salınǵan «Qıs kórinisi» súwreti tiykarında gúrriń jazıń.

Eki uqsas Ayaz atanıń súwretin tabıń.



# JÚK MASHINASÍ SÚWRETIN SALÍW




Birinshi klasta jeńil avtomashinalar salıwdı úyrengen edińiz. Endi bolsa júk avtomashinaların salıwdı úyrenesiz.

Júk avtomashinaları hár túrli úlkenlikte boladı. Qala hám awıllarda paydalanılatuǵın júk mashinaları kishilew kólemde bolsa, qalalar aralıq uzaq jolǵa qatnawshı avtomashinalar úlkenirek boladı.

1. Qanday júk mashinaların kórgensiz?
2. Olar qanday bólimlerden ibarat?

## Júk mashinası súwretin salıw basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Qálemde úlgisin salıw.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.



Súwretti reńler menen boyap juwmaqlaw.

Berilgen súwretler hám úlgige qarap avto-mashina súwretin salıń.



1. Avtomashinalar tiykarınan qaysı reńlerde boladı?
2. Olardı kórsetiwde nelerge itibar beriw kerek?

1. Qálegen avtomashina súwretin salıń.
2*. Plastilinnen avtomashina isleń.

# QUS SÚWRETIN SALÍW






Siz, álbette, quslardı kórgensiz. Olardıń elimizde ushıraspaytuǵınların bolsa televizor arqalı yamasa haywanatlar baǵında kórgensiz.

1. Joqarıdaǵı súwretlerde neler kórsetilgen?
2. Olar sizge unadı ma? Ne ushın?

# Qustıń súwretin salıw basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Súwrettiń úlgisin islew.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.



Súwretti reńli boyawlar menen juwmaqlaw.

## Ushıp baratırǵan qarlıǵashtıń súwretin salıw basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Súwrettiń úlgisin islew.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.



Súwretti reńli boyawlar menen juwmaqlaw.

«Qanatlı doslar» temasında súwret salıń. Bunda quslardıń forması, reńi, bir-birine salıstırmalı úlken-kishiligi, olar tiykarınan báhár máwsiminde tereklerdiń shaqalarına uya quratuǵınlıǵın esapqa alıń.





1. Klasta salınǵan quslar súwretin aqırına jetkeriń.
2*. «Qanatlı doslar» temasında súwret salıń.

# AT (TÚYE, PÍSHÍQ, PIL) MÚSINLERIN ISLEW

Tábiyatta kóplegen janıwarlar ushırasadı. Olar jabayı hám úy haywanlarına bóliniwin jaqsı bilesiz. Haywanlar dúzilisine, reńine hám túrine qarap da ajıraladı. Hárbir adamnıń óziniń jaqsı kórgen janwarı boladı.

## At músinin islew basqıshları.

1



Músin bólimleri ushın bólekler ajıratıp alınadı.

2



Tiykarǵı bólimi qırqıp, ayaqlar payda etiledi.

3



Bas bólimi dene bólimine birlestiriledi.

4



Attiń jalı, quyrıǵı, qulaqları jabıstırılıp, juwmaqlap islenedi.

# Túyeniń músinin islew basqıshları.

1



Ílay yamasa plastilinnen túye músininiń bólimlerine sáykes bólekler ajıratıp alınadı.

2



Músinniń tiykarǵı bólimi músinshilik pıshaqshası menen qırqıp, ayaqlar payda etiledi.

3



Músinniń bas bólimi órkeshleri dene bólimine birlestiriledi.

4



Músinge juwmaqlawshı islew beriledi.

Ózińiz qálegen haywan músinin isleń.

**Haywanlar músinin islewde tábiyattaǵı haywanlarǵa qarań hám úlgide kórsetilgen usıllardan paydalanıń.**

1



Pil músini bólimlerine sáykes bólekler ajıratıp alınadı.

2



Pil bólimlerine forma berilip, birlestiriledi.

3



Pildiń mayda bólimleri birlestiriledi.

4



Músinge juwmaq islenedi.

# Pıshıqtıń músinin jasaw basqıshları.

1


Ílay yamasa plastilinnen pıshıq músini bólimlerine sáykes bólekler ajıratıp alınadı.

2


Músinniń tiykarǵı bólimi músinshilik pıshaqshası menen qırqıp, ayaqlar payda etiledi.

3


Músinniń bas bólimi, quyrıǵı dene bólimine birlestiriledi.

4


Músinge juwmaq islenedi.

**1.** Sizge qaysı haywan unaydı? Ne ushın?
**2.** Onıń dúzilisi hám reńin aytıń.

Islengen músinlerden ibarat kompoziciya dúziń.

# NAǴÍS ÚLGILERINEN NUSQA KÓSHIRIW






1. Súwretlerdegi naǵıslardı qay jerlerde ushıratıw múmkin?
2. Olardaǵı reńler qalay tańlanǵan?

## Suzanalarda kvadrat nağıslardıń qollanılıwı.



1. Suzana súwretine qanday formadağı kórinislerden bezew sıpatında paydalanılǵan?
2. Onda qaysı reńlerden paydalanılǵan?
3. Suzanalarda jáne qanday nağıs túrleri paydalanıladı?

# Naǵıslarda bezew gúllerin jaylastırıw basqıshları.















1. Gúl bezewi ashıq reńde bolsa, nağıs tiykarı toyǵın reńde boladı.
2. Gúl bezewi toyǵın reńde bolsa, nağıs tiykarı ashıq reńde boladı.

47-bettegi gúl bezewlerinen birin yamasa birneshewin tańlap, kvadrat nağıs salıń.






1. Taqıyada qanday gúl bezewleri kórsetilgen?
2. Nağıs gúllerin boyawda nelerge itibar beriw kerek?
3. Gúlli nağıslar menen neler bezetiledi?

Súwretlerde berilgen nağıslardan qaysı biri kvadrat nağıs ekenligin aytıń.







1. Klasta salınğan nağıstı aqırına jetkeriń.
2*. Úyińizdegi gilemnen úlgi alıp, gilemniń súwretin salıń.

# DÓŃGELEK FORMASÍNDAĞÍ NAĞÍS KOMPOZICIYASÍN SALÍW






1. Nağıslar qanday formalarda boladı?
2. Dóńgelek formasındağı nağıslar qayjerlerde ushırasadı?

# Dóńgelek nağıslardı salıw basqıshları.

1



2



Sızılması alınadı.

3



4



Bezew gúlleri salınadı.

Dóńgelek formasındaǵı naǵıs kompoziciyasın salıń.



1. Naǵıslarda qanday reńlerden kóbirek paydalanıladı?
2. Dóńgelek formasındaǵı naǵıslar sizge unaydıma? Ne ushın?

1. Dóńgelek formasında islenip atırǵan súwretti aqırına jetkeriń hám boyań.
2. Ózińiz qálegen naǵıs gúllerinen ibarat dóńgelek formasındaǵı naǵıs isleń.

# 8-MART BAYRAMÍNA QUTLÍQLAW ESKIZIN ISLEW




8-mart — Xalıq aralıq hayal-qızlar bayramı. Bul kúndi jer júzindegi kóplegen mámlekettiń xalıqları bayramlaydı.

Ózbekstanda da 8-mart dem alıs kúni. Bul kúni kempir apalarımızǵa, analarımızǵa húrmet kórsetilip, olar qádirlenedi.

1. 8-mart kúni kimlerdi qutlıqlaysız?
2. Qız bala bolsańız, sizdi kimler qutlıqlaǵan?

## Qutlıqlaw eskizin islew basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Súwrettiń úlgisin islew.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.



Súwretti reńli boyawda juwmaqlaw.

Berilgen qutlıqlawlar tiykarında qutlıqlawlar isleń.

1. 8-martǵa arnalǵan qutlıqlawda nelerdi súwretlew múmkin?
2. Qaysı reńlerden kóbirek paydalanǵan maqul?

1. «8-mart bayramı menen» qutlıqlawın akvarelde boyań.
2. «8-mart» dep atalǵan qálegen qutlıqlaw eskizin salıń.

## «NAWRÍZ — BÁHÁR BAYRAMÍ» TEMASÍNDA SÚWRET SALÍW

Nawrız elimizde ǵárezsizlikke eriskenimizden keyin, qaytadan belgilene basladı. Nawrız—báhár, jańalanıw bayramı bolıp esaplanadı. Sonıń ushın Nawrız elimizde úlken kóterińkilik penen kútip alınadı. Nawrız keliwi menen qala hám awıllarımız tábiyatı gózzalasadı.

Atızlar jasıl túske enedi, gúllerge búrkeledi.



G. Chernuxin. *Ózbek jeri*



Analarımız súmelek, gója sıyaqlı milliy awqatlar tayarlaydı. Balalardıń da báhárde súysinip oynaytuǵın oyınları kóbeyedi.

1. Nawrız qanday bayram? Ol haqqında aytıp beriń.
2. Joqarıdaǵı súwrette kimler hám neler súwretlengen?

«Nawrız — báhár bayramı» temasında súwret salıń. Bunda kompoziciya elementlerin durıs jaylastırıwǵa, perspektivaǵa, zat reńlerin durıs tańlanıwına ayrıqsha itibar beriń.

«Nawrız — báhár bayramı» temasındaǵı súwret súwretlew óneriniń turmıslıq janrına tiyisli.

Súwretlew óneriniń **turmıslıq janrı** dep, adamlar turmısındaǵı waqıyalardı súwretlewge aytıladı.



1. Súwrettegi kórinisti táriyiplep beriń.
2. Siz bayramdı qalayınsha kóz aldıńızǵa keltiresiz?



1. Súwretlew ónerinin turmıslıq janrında qanday waqıyalar súwretlenedi?
2. Báhár kórinisinde qaysı reńler kóbirek paydalanıladı?

«Nawrız — báhár bayramı» temasındaǵı súwretti salıwdı aqırına jetkeriń.



**Ruzi Choriyev**
(1931 – 2004)



R. Choriyev.
*Qumqorǵan almaları*

Ruzi Choriyev — Ózbekstan Kórkem-óner akademiyasınıń akademigi, Ózbekstan xalıq xudojnigi. Ol portret, tariyxıy hám turmıslıq janrlarda dóretiwshilik etken. Xudojniktiń turmıslıq janrdaǵı «Sáwbet», «Xumsan aqshamı», «Nay. Shopan bala» hám basqa shıǵarmaları belgili.

# «MENIŃ MEKTEBIM» TEMASÍNDA SÚWRET SALÍW




Biziń mámleketimizde oqıwshılardıń jaqsı oqıp, bilim alıwı ushın imkaniyat jaratılǵan.

1. Súwrette nelerdi kórip tursız?
2. Súwrettegi mekteptiń dúzilisi, forması qanday?

## Imarattıń súwretin qálem menen sızıw basqıshları.

1



Súwretti qaǵazda jaylastırıw.

2



Qálem menen úlgisin sızıw.

3



Súwretti qálemde juwmaqlaw.

4



Súwretke reńli boyawlar menen islew beriw.

Mektep átirapına shıǵıp onı baqlań. Klasta qara qálem járdeminde «Biziń mektep» temasında súwret salıń.

1. Mekteptiń súwretin sızǵanda nelerge dıqqat qaratıladı?
2. Qara qálem járdeminde toyǵın reńlerdi qalay payda etiw múmkin?

1. Klasta islengen «Biziń mektep» súwretin qálemde juwmaqlań.
2*. «Biziń máhálle» temasında súwret salıń.



# ARALÍQ BAQLAW SABAǴÍ

## I. Test sorawları:

1. Tórtmúyeshlik formasındaǵı naǵıs keltirilgen bántti anıqlań:

A 

B 

D 

E 

2. Suwıq reńler durıs kórsetilgen bántti anıqlań:

A 

B 

D 

E 

**3.** Músin islew basqıshların durıs izbe-izlikte jay-lastırıń.

A



B



D



E



**4.** Qaysı súwrette jol tárizli nağıs súwretlengen?

A



B



D



E



## II. Tapsırma.

Ózińiz islegen «Nawrız — báhár bayramı» atlı súwreti haqqında gúrriń aytıp beriń.

# IV SHEREK

 

## Bul sherekte siz:

- músin islew tájiriybelerińizdi jáne de jetilistiresiz;
- ertek tiykarında músinlerden payda bolǵan kompoziciyalar isleysiz;
- tema tiykarında reńli súwret salıwdı dawam ettiresiz;
- báhár máwsimindegi tábiyat kórinisiniń súwretin salasız.

# TEREK JAPÍRAǴÍ SÚWRETIN SALÍW



1-klasta ápiwayı dúzilistegi terek japıraqların salıwdı úyrengen edińiz. Endi quramalı dúzilistegi japıraqlar súwretin salıwdı úyrenesiz. Bunday japıraqlarǵa júzim, shınar, ánjir, ǵoza sıyaqlı aǵash japıraqları mısal bola aladı.

Berilgen terek japıraqlarınıń dúzilisi, forması bir-birinen qalay ajıralıwına itibar beriń!

## Shınar aǵashınıń japıraǵınıń súwretin salıw basqıshları.




Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.




Qálemde úlgisin islew.




Súwretti qálemde juwmaqlaw.




Súwretti reńli etip juwmaqlaw.

## Emen ağashı japıraǵınıń súwretin salıw basqıshları.

1



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.

2



Qálemde úlgisin islew.

3



Súwretti qálemde juwmaqlaw.

4



Súwretti reńli etip juwmaqlaw.

Sizler bul súwretlerden paydalanıp, ózińiz qálegen japıraq súwretin salıń.

Ózińiz qálegen japıraq súwretin boyań.

# «SHALǴAM» ERTEGI TIYKARÍNDA MÚSIN ISLEW

Bir bar eken, bir joq eken, burıńǵı ótken zamanda bir diyqan ata bolǵan eken. Bir kúni ata shalǵam ekken eken.



Shalǵam úlken bolıp, ósip jetilisipti.

Diyqan ata shalǵamdı suwırıp almaqshı bolıptı. Tartıp, tartıp, jerden qoparıp ala al-

maptı. Sonda diyqan ata kempirin járdemge shaqırıptı. Kempiri atanı, ata shalǵamdı tartıptı, biraq shalǵam qozǵalmaptı. Kempir aqlıǵın járdemge shaqırıptı, aqlıǵı kúshikti, kúshik pıshıqtı, pıshıq tıshqandı shaqırıptı.

Tıshqan pıshıqtı, pıshıq kúshikti, kúshik aqlıqtı, aqlıq kempir apasın, kempir apası atanı, ata shalǵamdı tartıptı-tartıptı hám sońında suwırıp alıptı.





6–7 oqıwshı birgelikte «Shalǵam» ertegi qaharmanlarınıń músinlerin plastilinnen isleń. Olardı islewde hár túrli usıllardan paydalanıń.

Islengen músinlerdi ertektiń mazmunına qarap hár qıylı kóriniste jaylastırıw múmkin.

Máselen, tek shalǵam hám atanı jaylastırsaq, ertektiń bir kórinisi payda boladı.

Basqasharaq jaylastırıp ertektiń basqa kompoziciyasın payda etemiz.

**«Shalǵam» ertegi qaharmanlarınıń músinlerin óz aldına bóleklerden islew.**





Shalǵam.



Qız. Kempir. Ǵarrı.



Kúshik.





Pıshıq.





Tıshqan.



1. Kompoziciya degenimiz ne?
2. «Kúsh — birlikte» maqalın «Shalǵam» ertegi tiykarında túsindirip beriń.

1. Ózleriniz qálegen ertek qaharmanları músinlerinen paydalanıp, ertektiń mazmunına sáykes basqa kompoziciya dúziń.
2*. «Men unatqan ertek» qaharmanları músinlerin isleń.

# TÚYE SÚWRETIN SALÍW

Shıǵıs xalıqları áyyemgi Ullı Jipek jolı arqalı túyeler kárwanı menen shólistanlardan ótip, insanlar turmısı ushın zárúr bolǵan ónimlerdi uzaq úlkelerden elimizge alıp kelgen. Sonıń ushın «kárwan» delingende kóz aldımızǵa túyeler keledi.



B. Hojimatov. *Kárwan*

1. Kárwan haqqında nelerdi bilesiz?
2. Súwrette qanday kórinis hám neler súwretlengen?
3. Bul súwret qaysı súwretlew ónerine tiyisli?

## Túye súwretin salıw basqıshları.



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.



Súwret ólshemlerin belgilew.



Súwretti qálemde juwmaqlaw.



Súwretti reńli etip juwmaqlaw.

Berilgen súwretlerden paydalanǵan jaǵdayda túye súwretin salıń.



K. Zommer. *Shıǵıs sayaxatshıları*.

1. Túyeler qanday kóriniste boladı?
2. Olardıń túrlerin bilesizbe?





Tómendegi súwretlerdi salıwda qanday qátege jol qoyılǵan?


















**1.** Túye súwretin boyań.
**2*.** Eki órkeshli túye súwretin salıń.



# «BABAMNÍŃ BAĞÍ» TEMASÍNDA SÚWRET SALÍW



R. Ahmedov. *Bağda*.




1. Fotosúwretlerde qaysı máwsimler súwret-lengen?
2. Máwsim ózgerse reńler ózgeriwin túsindiriń.



X. Rahmanov. *Jazdıń zawqı.*

Tómendegi súwretlerdi dıqqat penen baqlań hám olardı óz aldına túsindiriń, bir-biri menen salıstırıń. Olarda reńlerden máwsimlerdi ańlatıwshı sıpatında paydalanılǵan. Siz de súwret salıwǵa reńlerden durıs paydalanıwǵa háreket etiń.




1. Súwretlerde qaysı máwsimler sáwlelengen?
2. Máwsimlerdi súwretlewde xudojnik qaysı reńnen kóbirek paydalanǵan? Sebebi nede dep oylaysız?

«Babamnıń baǵı» temasında súwret salıń.

## «Babamnıń bağı» temasındağı súwretti salıw basqıshları.

1



Súwretti qaǵazǵa jaylastırıw.

2



Súwretti anıqlastırıw.

3



Súwretti qálemde juwmaqlaw.

4



Súwretti reńli etip juwmaqlaw.

1. Jıldıń tórt máwsiminde baǵlarda bolatuǵın ózgerislerdi esleń hám aytıp beriń.
2. Báhár máwsimin súwretlewde kóbirek qollanılatuǵın reńlerdi sanań.

1. Klasta islengen «Babamnıń baǵı» temasındaǵı súwretti aqırına jetkeriń.
2. Baǵdıń qálegen máwsimdegi súwretin salıń. Onı aldınǵı súwretińiz penen salıstırıń.



L. Abdullayev. *Júzim*.

# «ÚSH SHÓJE HÁM ÚYREK» QOSÍĞÍ TIYKARÍNDA MÚSIN ISLEW



## Úsh shóje hám úyrek

*(Qosıqtan úzindiler)*

*S. Abduqahhar*

...Kópirdi taba almay,
Úsh shóje qapa, hayran.
Qalay ótsek boladı:
Oylanıp qaldı úshewi...

...Sol gezde olardıń aldına,
Kelip qaldı úyrek.
Ózi kishkene sap-sarı,
Shójelerden bólek...

...Hámmesin de ótkizdi,
Endi dos bolıp jasar.
Úsh shóje, bir úyrek
Hesh urınbay oyna.

Súwrette qanday waqıya súwretlengen?

## Shóje músinin (oyınshıq shójege qarap) islew basqıshları.

1



2



3



## Úyrek músinin (oyınshıq úyrekke qarap) islew basqıshları.

1



2



3



## «Úsh shóje hám úyrek» qosıǵı tiykarında músinshilik kompoziciyasın dóretiw.



Tiykarın islew.



Músinlerdi jaylastırıw.

Toparlarǵa bólinip, «Úsh shóje hám úyrek» qosıǵı tiykarında shóje hám úyrekler músinlerin isleń.

1. Islengen músinlerdi qosıq mazmunına say túrde jaylastırıp, kompoziciya dóretiń.
2*. «Úsh shóje hám úyrek» qosıǵı tiykarında súwret salıń.

# JUWMAQLASTÍRÍWSHÍ BAQLAW SABAǴÍ

## I. Test sorawları:

**1.** Qaysı súwrette súwret durıs jaylasqan?




**2.** Qaysı súwrette jol tárizli naǵıs súwretlengen?




**3.** Qaysı súwret durıs islengen?



**4.** Kvadrat formasındaǵı naǵıstı anıqlań:

A


B


D


E


**5.** Qaysı bántte músinshilik kompoziyası berilgen?

A


B


D


E


**6.** Tómendegi súwret janrlarınıń izbe-izligi qaysısında durıs belgilengen?

A.
1. Peyzaj;
2. Portret;
3. Natyurmort.

B.
1. Peyzaj;
2. Natyurmort;
3. Portret.

D.
1. Natyurmort;
2. Portret;
3. Peyzaj.










**7.** Erteklerge islengen illyustraciyalar izbe-izligi qaysısında durıs belgilengen?

A.
1. «Bawırsaq»;
2. «Shalǵam»;
3. «Pal hárresi menen shıbın».

B.
1. «Shalǵam»;
2. «Pal hárresi menen shıbın»;
3. «Bawırsaq».

D.
1. «Pal hárresi menen shıbın»;
2. «Shalǵam»
3. «Bawırsaq».










## II. Tapsırma.

Ótken sabaqta salınǵan «Babamnıń baǵı» súwreti boyınsha prezentaciya ótkeriń.

# MAZMUNÍ

## I SHEREK

Reń hám túsler........................................................5
Miywelerdiń súwretin salıw..................................10
Peyzaj súwretin salıw.........................................15
Ustazlar bayramına qutlıqlaw eskizin islew.......20
Bawırsaq ertegi tiykarında músin islew.............23
Xalıq ámeliy bezew óneri....................................27
«Gúz keldi» temasında súwret salıw...................32
Aralıq baqlaw sabaǵı...........................................37

## II SHEREK

Balıq músinin islew.............................................40
Gúzgi jumıslar temasında súwret salıw.............43
Jol tárizli naǵıs salıw..........................................46
«Túlki menen qasqır» erteginen músin
islew...................................................................51
«Yolka bayramı» temasında súwret salıw...........55
Aralıq baqlaw sabaǵı..........................................61

## III SHEREK

«Qıs kórinisi» temasında súwret salıw..............64
Júk mashinası súwretin salıw...........................67
Qus súwretin salıw..........................................71
At (túye, pıshıq, pil) músinlerin islew................75

Naǵıs úlgilerinen nusqa kóshiriw..........................79
Dóńgelek formasındaǵı naǵıs kompoziciyasın salıw...........................................................................84
8-mart bayramına qutlıqlaw eskizin islew..........87
«Nawrız — báhár bayramı» temasında súwret salıw...........................................................................90
«Meniń mektebim» temasında súwret salıw......95
Aralıq baqlaw sabaǵı...........................................99

## IV SHEREK

Terek japıraǵı súwretin salıw...............................102
«Shalǵam» ertegi tiykarında músin islew.........105
Túye súwretin salıw...............................................109
«Babamnıń baǵı» temasında súwret salıw.........................................................................113
«Úsh shóje hám úyrek» qosıǵı tiykarında músin islew.....................................................................119
Juwmaqlastırıwshı baqlaw sabaǵı.......................122

**MUYASSAR ISOQOVA, RAHIM HASANOV, BAHODIR HAYDAROV, ASQARALI SULAYMANOV, SAODAT JUMANIYOZOVA, ABDUMANNOB ROZIQOV**

# TASVIRIY SAN'AT

*Umumiy o'rta ta'lim maktablarining 2-sinfi uchun darslik*

Qayta ishlangan va to'ldirilgan beshinchi nashri

*(Qoraqalpoq tilida)*

Awdarmashı **S. Aytmuratova, Z. Oserbaeva**
Redaktor **S. Aytmuratova**
Xudojnik **A. Safarov**
Músinshiler **A. Raximov, J. Abduvahabov**
Kórkem redaktor **S. Qurbonov**
Tex. redaktor **E. Tolochko, B. Turımbetov**
Kompyuterde teriwshi **G. Azizova, N. Saukieva**

Licenziya nomeri AI № 163. Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 20-may 2018-jıl. Formatı 70x90 1/16. Pragmatica KRKP garniturası. Kegli 16, 14. Shártli baspa tabaǵı 9,36. Esap baspa tabaǵı 10,62. Shártnama №47–2018. Nusqası 12049 dana. Buyırtpa №

Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentliginiń Sholpan atındaǵı baspa-koncern dóretiwshilik úyi. 100011, Tashkent, Nawayı kóshesi, 30.
Telefon: (371) 244-10-45. Faks (371) 244-58-55.

Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentliginiń «G'afur G'ulom» atındaǵı baspa-poligrafiya dóretiwshilik úyinde baspadan shıǵarıldı. 100128, Tashkent, Labzak kóshesi, 86.

S 22 **Súwretlew óneri. 2** [Qor.]: ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdiń 2-klası ushın sabaqlıq / M. Isaqova hám basqalar.—T.: Sholpan atındaǵı BKDÚ, 2018 — 128 b.

ISBN 978-9943-05-832-3

**UOK 372.87=512.121(075)**
**KBK 85.15ya71**

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste

| № | Oqıwshınıń atı ákesiniń atı | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı

| | |
|---|---|
| **Jańa** | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı |
| **Jaqsı** | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| **Qanaatlandırarlı** | Muqaba jelingen, bir qansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| **Qanaatlanarsız** | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |